

# Azil ak TPS: èske m ta dwe aplike pou youn sèlman oswa pou toude?



## Ki sa azil ak TPS ye?

- Azil** – Si yo te pèsekite w oswa si w pè pou yo pa fè w ditò nan peyi w, ou ka mande azil. An jeneral, pou jwenn azil, se pou w pwouve yo te eseye fè w ditò dirèkteman. Epitou, ou dwe pwouve ou pè pou yo pa fè w ditò akoz ras ou, reliyon w, nasyonale w, opinyon politik ou oswa yon karakteristik ou pa ka chanje, tankou sèks ou oswa oryantasyon seksyèl ou. Si yo apwouve aplikasyon azil ou, w ap kapab mande yon kat rezidans ("green card") pi devan.
- Estatí pwoteje tanporè (TPS)** – TPS se yon estati tanporè yo ka bay moun ki soti nan kèk peyi lè gouvènman Etazini an detèmine li twò danjere pou sitwayen peyi sa a retounen lakay yo akoz yon katastwòf natirèl, yon konfli ame oswa lòt kondisyon ki danjere. Sitwayen ayisyen ki rete Ozetazini depi 3 jen 2024 pou pi ta yo ka aplike pou TPS. Moun ki aplike pou TPS yo pa gen pou yo pwouve yo pral sibi yon domaj dirèkteman. Si w jwenn TPS, w ap resevwa yon otorizasyon travay epi yo pa p ka depòte w. Sepandan, pa gen okenn pwosesis dirèk pou mande yon kat rezidans ("green card") si w gen TPS.

## Diferans ant TPS ak azil

TPS	Azil
Se Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) ki deside si w ap jwenn TPS.	Si w te voye yon aplikasyon afimatif, se yon ofisyè ki travay pou Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) k ap pran desizyon an. Si w devan yon tribunal imigrasyon, se yon jij imigrasyon k ap pran desizyon an.
Moun ki jwenn TPS yo ka mande yon pèmisyon pou ale lakay yo.	Moun ki mande azil yo pa ta dwe retounen nan peyi kote yo soti a oswa nan peyi kote yo te pèsekite yo a toutotan yo poko sitwayen ameriken.
Pwosesis aplikasyon pou TPS la pi senp pase pwosesis aplikasyon pou azil la, epi gen plis chans pou yo apwouve w pou li.	Pwosesis aplikasyon pou TPS la pi senp pase pwosesis aplikasyon pou azil la, epi gen plis chans pou yo apwouve w pou li. Pwosesis aplikasyon pou azil la pi konplike, epi gen mwens chans pou yo apwouve w pou li.
Leplisouvan, yo pran ant 6 mwa ak 18 mwa apre moun nan voye aplikasyon pou TPS li a pou yo pran yon desizyon final sou yon aplikasyon pou azil poutèt gen anpil moun k ap tann.	Leplisouvan, yo pran ant 4 ak 6 lane oswa plis tan toujou pou yo pran yon desizyon final sou yon aplikasyon pou azil poutèt gen anpil moun k ap tann.
Si w chwazi aplike ni pou TPS, ni pou azil, sonje chak aplikasyon separe, men se menm otorite imigrasyon yo ki pral egzamine toude aplikasyon yo. Se pou rezon sa a li enpòtan pou enfòmasyon yo pa depaman. Veye pou moun ki ede w aplike pou youn oswa pou lòt la gen yon kopi aplikasyon ou te voye anvan an pou enfòmasyon ou voye bay otorite imigrasyon yo pa depaman.	

**Avi legal:** Dokiman sa a pa bay okenn konsèy jiridik. Si w gen kesyon sou kesyon aplike pou TPS oswa pou azil la, ou ta dwe mande konsèy jiridik nan men yon avoka imigrasyon oswa nan men yon reprezantan depatman jistis ki akredite.

# Azil ak TPS: èske m ta dwe aplike pou youn sèlman oswa pou toude?



## Kisa m ta dwe fè si m kalifye ni pou TPS ni pou azil?

Ou kapab aplike ni pou TPS ni pou azil! Pifò moun ki kalifye pou toude estati yo ta dwe aplike pou toude, byenke kapab gen kèk eksepsyon. Li rès dokiman sa a pou konprann kisa k ka rive lè ou aplike ni pou azil ni pou TPS. Si w gen yon avoka k ap ede w ak dosye azil ou, li ka ede w deside si w ta dwe aplike pou TPS tou.

### • Èske mwen ka aplike pou TPS si m te gentan aplike pou azil?

Wi. TPS se yon estati tanporè. Si w aplike pou li, sa pa p afekte okenn aplikasyon pou azil ki ankou. Li posi pou w gen de estati anmenmtan. Si w aplike pou TPS, sa ap anpeche yo depòte w, menm si yo ta refize aplikasyon pou azil ou a. Si w gen yon dosye azil ki solid devan yon tribunal imigrasyon, li t ap bon pou w pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou aplike pou TPS.

### • Kijan yon aplikasyon pou TPS ka afekte yon dosye azil afimatif mwen gentan depoze ak USCIS?

Mande oswa resewva TPS pa p chanje fason ofisyè Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) ap egzamine aplikasyon pou azil pou a. Ou ka resewva azil menm si w déjà gen TPS. Si w gen TPS men yo pa ba w azil, ou ka toujou kenbe estati TPS ou a.

### • Mwen tande tribunal imigrasyon an ap refize aplikasyon pou azil mwen an si yo apwouve m pou TPS. Èske se konsa sa ye?

Non. Si w gen TPS, sa pa p fè jij la ni apwouve ni refize aplikasyon pou azil ou a. Pou dosye azil ou a, desizyon jij la chita sou prèv ki prezante yo ki montre yo te fè w ditò oswa yo pral fè w ditò nan peyi w aks ras ou, reliyion w, nasyonalite w, opinyon politik ou oswa yon karakteristik ou pa ka chanje, tankou sèks ou oswa oryantasyon seksyèl ou.

Yo pa ka depòte w si w gen TPS. Li posib pou tribunal imigrasyon an pran yon desizyon sou dosye w si yo apwouve w pou TPS. Jij imigrasyon an kapab:

- Revoke pwosedi depòtasyon yo kòmanse kont ou a. Revoke vle di y ap fèmen tout aplikasyon ki ankou devan tribunal la, san wete aplikasyon pou azil la.
- Fèmen dosye w san l pa pran okenn desizyon sou azil ou a. Si tribunal imigrasyon an fèmen dosye azil ou a paske ou gen TPS, ou kapab pale ak yon avoka imigrasyon sou possiblité pou voye yon nouvo aplikasyon pou azil bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS).
- Pran yon desizyon sou aplikasyon pou azil ou a. Li gendwa ba w oswa refize w azil la. Yon refi vle di jij la te egzamine tout prèv ou te prezante yo, lèfini li deside ou pa kalifye pou azil la. An jeneral, si yon tribunal imigrasyon an refize demann azil ou a, ou pa p ka aplike yon lòt fwa ankò. Si yo refize aplikasyon pou azil ou a, ou pa p pèdi estati TPS la.

## Mwen vle aplike pou TPS kounye a men mwen ta pito tann anvan mwen aplike pou azil. Èske mwen ka fè sa?

Si w aplike pou TPS kounye a, ou ka tann anvan ou aplike pou azil. W ap gen possiblité fè sa pi devan, depi ou toujou rete legalman nan peyi a. An jeneral, se pou w aplike pou azil nan lespas ennan apre dat ou rive nan peyi Etazini an. Gen yon eksepsyon yo bay nan peryòd ennan sa a pou moun ki toujou rete legalman nan peyi a. Anpil Ayisyen antre nan peyi a avèk yon pèmisyon ("parole") epi yo resewva TPS pandan yo toujou gen pèmisyon sa a ("parole"). Moun sa yo ka aplike pou azil lè TPS yo a fini.

Etandone ka gen kèk risk si w tann anvan ou depoze yon aplikasyon pou azil, ou ta dwe konsilte yon avoka imigrasyon pou deside sa ou ta dwe fè nan ka pa w la.

## Kisa k ap rive si yo kanpe pwogram TPS la pi devan?

Yo kapab kanpe estati TPS la. Sa ka fèt si kondisyon yo amelyore nan peyi w oswa si pwochan prezidan an deside kanpe pwogram nan. Si sa rive, gen anpil chans pou yo angaje yon pwosè lajistis pou sa, konsa pwogram TPS la pa p kanpe bridsoukou. Si w gen yon dosye ki ouvè devan yon tribunal imigrasyon, y ap trete dosye w nòmalman.

Si tribunal imigrasyon an te revoke oswa si l te fèmen dosye w poutèt yo te apwouve estati TPS ou a, yo gendwa ouvri dosye w devan tribunal imigrasyon an yon lòt fwa ankò. Si w pa gen okenn dosye devan yon tribunal imigrasyon oswa si w pa t jam pase devan yon tribunal imigrasyon, li posib pou yo ouvri yon pwosedi depòtasyon kont ou. Sa pral depann de règleman gouvenman federal la itilize pou aplike lwa yo nan moman yo kanpe TPS la.